

# Ti Pa Pou Gwo Rèv Inivèsite ak Karyè

## Save for College Program (Pwogram Ekonomize pou Inivèsite) ak Avantaj Piblik yo

### Kont Bousdetid NYC w la

Paske se NYC Kids RISE ki se pwopriyetè e k ap jere Kont Bousdetid NYC a, **lajan ki nan Kont Bousdetid NYC a p ap afekte avantaj piblik aktyèl oswa fiti yo depi yo rete nan kont lan.** NYC Kids RISE pral bay plis enfòmasyon nan lane k ap vini yo sou kijan depanse lajan nan yon Kont Bousdetid NYC etidyan an ka gen enpak sou avantaj piblik yo pou etidyan sa a lè l al nan inivèsite. Pou plis enfòmasyon, rele liy dirèk NYC Kids RISE la nan 833-KID-RISE (**833-543-7473**) oswa ale sou [nyckidsrise.org](https://nyckidsrise.org).

### Pwòp Kont Depay pou Inivèsite Pa W

Gen plizyè jan w ka ekonomize pou inivèsite e gen diferan tip kont depay pou inivèsite. Save for College Program (Pwogram Ekonomize pou Inivèsite) a ofri yon opòtinite pou w ouvri youn nan de opsyon kont depay pou inivèsite yo ki ka konekte ak kont bousdetid pitit ou a:

Dokiman sa a gen enfòmasyon sou kijan lè w ouvri ak depoze lajan sou chak tip kont sa yo, sa ka afekte elijibilite **ou** (mèt kont la) pou avantaj piblik yo. Li pa dekri efè potansyèl sou avantaj piblik pa yon timoun lè yo rive nan inivèsite.

NYC Kids RISE pa bay konsèy sou investisman ni rekòmande okenn tip kont depay pou inivèsite an patikilye. Sikonstans finansye chak fanmi yo diferan, epi w dwe konsidere pwòp sikonstans pa w avan w ekonomize oswa investi.

**Pou plis enfòmasyon sou opsyon epay pou inivèsite ki disponib pou ou atravè Save for College Program (Pwogram Ekonomize pou Inivèsite) a, ale sou [nyckidsrise.org/options](https://nyckidsrise.org/options).**

## Rezime

Tanpri li enfòmasyon anba a pou konprann kijan avantaj piblik fanmi w la ka afekte pa nenpòt nan opsyon kont depay pou inivèsite yo. Tablo ki anba a tou gen yon lis kote pou kontakte pou plis enfòmasyon. Remake ke montan limit pou resous yo ak lòt règ yo ka chanje apre yon tan. **Kontakte ajans benefis yo apati enfòmasyon kontak ki anba a pou aprann plis sou limit resous aktyèl yo pou chak avantaj yo.**

P ap gen **okenn efè** sou avantaj sa yo lè w genyen oswa lè w depoze lajan nan yon Kont Bousdetid NYC OSWA nan kont depay pou inivèsite pa w la:

- Pwogram Nitrisyon Siplemanè Espesyal pou Fanm, Tibebe, ak Timoun (Special Supplemental Nutrition Program, WIC)
- Dejene gratis epi a pri redui
- Medicare ak Medicare Savings Plus
- Asirans Sekirite Sosyal pou Andikape (Social Security Disability Insurance, SSDI)
- Pwogram Asistans Enèji pou Kay ki Gen Revni ki Ba (Low Income Home Energy Assistance Program, LIHEAP)
- Pwogram Asirans Sante pou Timoun (Children's Health Insurance Program, CHIP)

Gen yon **efè posib** sou avantaj sa yo lè w genyen oswa lè w depoze lajan sou pwòp kont depay pou inivèsite w la:

- Lojman Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA)
- Pwogram Seksyon 8 NYCHA a
- Lojman Abòdab (Lojman ki sibvansyone pa Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman NYC (NYC Department of Housing Preservation) oswa Kòporasyon Devlopman Lojman (Housing Development Corporation)
- Medicaid
- LIHEAP Annijans
- Asistans Piblik (TANF/Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite, asistans lajan kach, byennèt sosyal, asistans fanmi, oswa asistans filè sekirite)
- Bon pou Achte manje/SNAP

**Èske sa enterese w pou konnen ki avantaj ou ka pa genyen men ke w ka petèt kalifye pou yo?  
Ale sou <https://access/nyc.gov>.**



PubBen\_EN  
Oktòb 2021

Remake byen ke enfòmasyon ki nan paj aprè yo ka chanje pou ou menm ak fanmi w, depandan de si w ap resevwa yon avantaj kounye a oswa si w ap aplike pou yon avantaj alavni.

FOR ADDITIONAL INFORMATION, PLEASE REFER TO THE CHART BELOW.

AVANTAJ	ÈSKE EPAY NAN YON KONT 529 AP AFEKTE AVANTAJ SA A?	ÈSKE EPAY NAN YON KONT DEPAY LABANK AP AFEKTE AVANTAJ SA A?	KIYÈS MWEN KA KONTAKTE POU ASISTANS POU AVANTAJ YO?
<b>WIC (Pwogram Nitrisyon Sipleman tè Espesyal pou Fanm, Tibebe, ak Timoun)</b>	<b>Non</b> - Pa gen okenn tè resous pou detèmine kalifikasyon pou WIC	<b>Non</b> - Pa gen okenn tè resous pou detèmine kalifikasyon pou WIC.	Rele liy dirèk enfòmasyon an nan <a href="tel:800-522-5006">800-522-5006</a>
<b>Dejene Gratis epi a Pri Redui</b>	<b>Non</b>	<b>Non</b>	Dejene gratis pou tout etidyan lekòl piblik nan Vil New York yo.
<b>Medicare ak Plan Epay Medicare yo</b>	<b>Non</b> - Medicare pa yon prestasyon ki baze sou mwayen ni li pa genyen yon tè resous.	<b>Non</b> - Medicare pa yon prestasyon ki baze sou mwayen ni li pa genyen yon tè resous.	Rele liy dirèk enfòmasyon an nan <a href="tel:718-557-1399">718-557-1399</a>
<b>SSDI/Andikap (Asirans Sekirite Sosyal pou Andikape)</b>	<b>Non</b> - SSDI pa yon prestasyon ki baze sou mwayen e poutèt sa li pa genyen yon tè resous.	<b>Non</b> - SSDI pa yon prestasyon ki baze sou mwayen e poutèt sa li pa genyen yon tè resous.	Pou rantre an kontak ak biwo lokal ou a, tanpri rele liy dirèk nasyonal la nan <a href="tel:800-772-1213">800-772-1213</a>
<b>Pwogram Asistans Enèji pou Kay ki Gen Revni ki Ba (LIHEAP)</b>	<b>Non</b> - Pa gen okenn tè resous pou detèmine kalifikasyon pou LIHEAP.	<b>Non</b> - Pa gen okenn tè resous pou detèmine kalifikasyon pou LIHEAP.	Rele liy enfòmasyon HEAP la nan <a href="tel:800-692-0557">800-692-0557</a> si ou gen kesyon apwopo HEAP oswa <a href="tel:212-331-3126">212-331-3126</a> pou asistans operatè.  Rele liy Heat la nan <a href="tel:212-331-3150">212-331-3150</a> si ou gen pwoblèm pou peye fakti chofaj ou oswa ou rete l akay ou epi ou bezwen asistans ak HEAP.
<b>Pwogram Asistans Dijans pou Enèji pou Kay ki Gen Revni ki Ba (LIHEAP)</b>	<b>Petèt</b> - Epay nan kont sa a konte kòm yon resous epi yo ka afekte avantaj sa a.  Pou resevwa LIHEAP Annijans, fwaye yo gen dwa genyen jiska \$2,000 nan resous ak jiska \$3,000 nan resous si yon manm nan kay la gen plis pase laj 60 lane.	<b>Petèt</b> - Epay nan kont sa a konte kòm yon resous epi yo ka afekte avantaj sa a.  Pou resevwa LIHEAP Annijans, fwaye yo gen dwa genyen jiska \$2,000 nan resous ak jiska \$3,000 nan resous si yon manm nan kay la gen plis pase laj 60 lane.	Rele liy enfòmasyon HEAP la nan <a href="tel:800-692-0557">800-692-0557</a> si ou gen kesyon apwopo HEAP oswa <a href="tel:212-331-3126">212-331-3126</a> pou asistans operatè.  Rele liy Heat la nan <a href="tel:212-331-3150">212-331-3150</a> si ou gen pwoblèm pou peye fakti chofaj ou oswa ou rete lakay ou epi ou bezwen asistans ak HEAP.
<b>Lojman Otorite Lojman Vil New York (NYCHA)</b>	<b>Non</b> - kantite lajan total epay nan yon kont 529 <b>pa</b> konte.  NYCHA <b>pa p konte</b> okenn enterè ou rapòte ke w touche nan kont 529 la pou kalkile revni ou.	<b>Petèt</b> - Kantite lajan total epay nan yon kont labank <b>pa</b> konte.  Sepandan, NYCHA <b>kapab konte</b> nenpòt enterè ou rapòte ke w touche nan yon kont depay tradisyonèl pou kalkile revni ou.	Sant Kontak Kliyan NYCHA a <a href="tel:718-707-7771">718-707-7771</a>

AVANTAJ	ÈSKE EPAY NAN YON KONT 529 AP AFEKTE AVANTAJ SA A?	ÈSKE EPAY NAN YON KONT DEPAY LABANK AP AFEKTE AVANTAJ SA A?	KIYÈS MWEN KA KONTAKTE POU ASISTANS POU AVANTAJ YO?
<p><b>Pwogram Seksyon 8 Otorite Lojman Vil New York (NYCHA)</b></p>	<p><b>Non</b> - kantite lajan total epay nan yon kont 529 <b>pa</b> konte. NYCHA <b>pa p konte</b> kantite lajan total epay nan yon kont 529 pou kalkile revni ou.</p>	<p><b>Petèt</b> - kantite lajan total epay nan yon kont labank <b>pa</b> konte. Sepandan, NYCHA <b>kapab konte</b> nenpòt enterè ou rapòte ke w touche nan yon kont depay tradisyonèl pou kalkile revni ou.</p>	<p>Sant Kontak Kliyan NYCHA a <a href="tel:718-707-7771">718-707-7771</a></p>
<p><b>Lojman Abòdab (Lojman ki sibvansyone pa Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman NYC (NYC Department of Housing Preservation) oswa Kòporasyon Devlopman Lojman (Housing Development Corporation))</b></p>	<p><b>Petèt</b> - Balans kont 529 ou a pa konte nan limit byen yo. (Li enpòtan pou sonje ke epay nan yon kont 529 pa konte nan limit byen an, alòske epay nan yon kont labank konte.) Sepandan, nenpòt enterè ou touche sou kont 529 ou ap konte nan kalkil revni ou. Si tout byen w yo<sup>1</sup> vo mwens pase \$5,000, yo konte enterè ou touche a nan kalkil revni ou. Si tout byen ou yo vo plis pase \$5,000, swa enterè yo touche oswa 0.06% nan valè yo ajoute nan revni ou, kèlkeswa kantite montan ki pi plis la.</p>	<p><b>Petèt</b> - Gen de (2) fason epay ki nan yon kont labank ka afekte kalifikasyon w pou yon lojman abòdab. Valè total kont epay la pral konte nan limit byen ki aplikab la. Anjeneral, limit byen an egal ak apeprè yon ane nan revni total fwaye w la. Epitou, si tout byen w yo vo mwens pase \$5,000, yo konte enterè yo touche nan kalkil revni ou. Si tout byen ou yo vo plis pase \$5,000, swa enterè yo touche oswa 0.06% nan valè yo ajoute nan revni ou, kèlkeswa kantite montan ki pi plis la.</p>	<p>NYC Housing Connect <a href="tel:212-863-7990">212-863-7990</a></p>
<p><b>Pwogram Asirans Sante pou Timoun New York (CHIP), Sante Enfantil Plis (Child Health Plus, CHPlus)</b></p>	<p><b>Non</b> - Pa gen okenn tèz resous pou detèmine kalifikasyon pou CHPlus.</p>	<p><b>Non</b> - Pa gen okenn tèz resous pou detèmine kalifikasyon pou CHPlus.</p>	<p>Liy enfòmasyon pou Sante Enfantil Plis (Child Health Plus): <a href="tel:800-698-4543">800-698-4543</a> <a href="tel:877-898-5849">877-898-5849</a> TTY</p>
<p><b>Medicaid</b></p>	<p><b>Petèt</b> - Pa gen okenn limit resous Medicaid pou timoun, paran ki gen yon timoun depandan, oswa konsomatè ki ansent (gwoup MAGI). Gen limit resous pou avèg, andikape oswa moun ki gen 65 lane oswa plis (non-MAGI). Sèten gwoup non-MAGI egzante de tèz resous la (pa egzanp, anba 21 lane ki gen rapò ak ADC). Tèz resous sa a varye selon kategori elijiblite ak gwosè fwaye a.</p>	<p><b>Petèt</b> - Pa gen okenn limit resous Medicaid pou paran yo ak konsomatè ki ansent yo. Gen limit resous pou avèg, andikape oswa moun ki gen 65 lane oswa plis. Retrè yo pandan peryòd revizyon an (senk lane anvan yon aplikasyon Medicaid) kapab retade debousman peman Medicaid yo. Yo ka bezwen redui sou kantite ki sou kont sa a anvan pou w vin kalifye pou Medicaid.</p>	<p>Pou avèg, andikape oswa moun ki gen laj 65 lane oswa plis, AK pou moun ki resevwa Medicaid yo atravè pwogram Asistans Lajan Kach HRA (HRA Cash Assistance Program) lan: Liy Asistans Medicaid <a href="tel:888-692-6116">888-692-6116</a> Pou kliyan NYS Health Exchange: Depatman Sante Eta New York (NYS Department of Health) <a href="tel:855-355-5777">855-355-5777</a> <a href="tel:800-662-1220">800-662-1220</a> (TTY)</p>

AVANTAJ	ÈSKE EPAY NAN YON KONT 529 AP AFEKTE AVANTAJ SA A?	ÈSKE EPAY NAN YON KONT DEPAY LABANK AP AFEKTE AVANTAJ SA A?	KIYÈS MWEN KA KONTAKTE POU ASISTANS POU AVANTAJ YO?
<b>Medicaid (kontinye)</b>	Retrè yo pandan peryòd revizyon an (senk lane anvan yon aplikasyon Medicaid) kapab retade debousman peman Medicaid yo. Yo ka bezwen redui sou kantite ki sou kont sa a anvan pou w vin kalifye pou Medicaid.		Pou avèg, andikape oswa moun ki gen laj 65 lane oswa plis, AK pou moun ki resevwa Medicaid yo atravè pwogram Asistans Lajan Kach HRA (HRA Cash Assistance Program) lan: Liy Asistans Medicaid <a href="tel:888-692-6116">888-692-6116</a>  Pou kliyan NYS Health Exchange: Depatman Sante Eta New York (NYS Department of Health) <a href="tel:855-355-5777">855-355-5777</a> <a href="tel:800-662-1220">800-662-1220</a> (TTY)
<b>Bon pou Achte manje/SNAP</b>	<b>Non</b> - Lajan ki nan yon kont 529 egzante de kontaj nan tè limit resous la.	<b>Pwobableman Pa</b> - Piske se sèlman yon ti pousantaj nan fwaye SNAP ki sijè a yon tè resous, lè yo gen yon kont depay sa pa pral afekte kalifikasyon pou avantaj SNAP oswa nivo avantaj pou vas majorite fwaye SNAP yo.	Liy Asistans pou Bank Alimantè pou Benefis SNAP NYC yo <a href="tel:212-894-8060">212-894-8060</a>
<b>Asistans Piblik (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite/TANF, Asistans Lajan Kach, Byennèt Sosyal, Asistans Fanmi, oswa Asistans Filè Sekirite)</b>	<b>Non</b> - Piske kont sa a etabli pou yon sèl rezon pou peye pou bezwen edikasyonèl epi yo pa ka itilize pou okenn lòt rezon, lajan yo egzante de tè limit resous la.	<b>Petèt</b> - Fanmi yo gen dwa jiska \$1,400 nan yon kont epay separe ki dedye sèlman pou eskolarite nan yon kolèj dezan oswa kat lane san lajan yo konte pou tè resous la.  Si yo itilize fon epay yo pou lòt rezon, montan kont konplè a pral konte nan tè resous la epi li ka afekte avantaj yo. <sup>3</sup>	Liy Asistans Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) <a href="tel:718-557-1399">718-557-1399</a>
<b>Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI)</b> TANPRI NOTE: Timoun ki poko gen 18 lane pa ka resevwa SSDI poukont yo. Y ap konsidere sa kòm yon avantaj oksilyè. Yon avantaj oksilyè se yon moun k ap touche salè ki aktyèlman ap resevwa avantaj SSDI oswa retrèt, pitit laj minè yo ta gen dwa a avantaj sa a.	<b>Wi</b> - Epay nan kont sa a konte kòm yon resous epi yo ka afekte kalifikasyon.  Pou resevwa SSI, moun endividyèl yo gen dwa jiska \$2,000 pa mwa nan resous epi koup yo jiska \$3,000 pa mwa nan resous, sof si lajan an envesti nan yon Kont ABLE. <sup>4</sup>	<b>Wi</b> - Epay nan kont sa a konte kòm yon resous epi yo ka afekte kalifikasyon.  Pou resevwa SSI, moun endividyèl yo gen dwa jiska \$2,000 pa mwa nan resous ak koup yo jiska \$3,000 pa mwa nan resous.	Pou rantre an kontak ak biwo lokal ou a, tanpri rele liy dirèk nasyonal la nan <a href="tel:800-772-1213">800-772-1213</a>

<sup>1</sup> Sa enkli tout lajan ki nan kont sa a ak nenpòt lòt ekonomi oswa byen ou ka genyen.

<sup>2</sup> Sa enkli tout lajan ki nan kont sa a ak nenpòt lòt epay oswa byen ou ka genyen.

<sup>3</sup> Fanmi k ap aplike pou asistans piblik, ki gen ladan fanmi ki te resevwa asistans piblik deja epi k ap aplike ankò, ki gen nenpòt ekonomi kit se pou frè eskolarite ou pa, ap oblije pase yon tè resous. Si w gen plis pase \$2,000 nan byen (oswa \$3,000 si yon moun gen laj 60 lane oswa plis), ou pap ka kalifye pou asistans piblik.

<sup>4</sup> Pou plis enfòmasyon sou kont ABLE yo, vizite <https://www.ablenrc.org/what-is-able/what-are-able-accounts/>